

BAB 1

BUBUKA

Dina Bab hiji dipedar bubuka anu ngawengku; (1) kasang tukang masalah, (2) watesan jeung rumusan masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat panalungtikan, jeung (5) raraga tulisan.

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kaparigelan basa aya opat aspék, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Nurutkeun Tarigan (2008, kc. 3-4) nulis mangrupa hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif. nurutkeun Iskandarwassid (2004, kc. 156) yén kagiatan nulis (9%), maca (16%), nyarita (30%), jeung ngaregepkeun (45%). Ku kituna ieu pamadegan, kaparigelan nulis mangrupa hal anu langka dina ngangunakeun basa. Dumasar kana wawancara teu terstruktur jeung salasahiji guru di SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon, masalah anu aya dina pangajaran basa Sunda nya éta langkana guru basa Sunda anu ngawulang di sabudeureun wilayah Cirebon jeung guru-guru anu ngeusi mata palajaran basa Sunda téh guru urang Sunda anu aya di Cirebon tapi lain ti jurusanna, upama masalah dina, siswana nya éta siswa teu loba apal kekecapan basa Sunda, siswa teu parigel dina ngagunakeun basa Sunda, siswa teu bisa ngebrehkeun ide dina basa Sunda, siswa kurang dina nulis karangan, siswa kurang mampuh nagdamal kalimah ngagunakeun basa Sunda, jeung siswa kurang minat dina pangajaran nulis basa Sunda.

Pembelajaran memang teu leupas tina sabaraha komponén pangajaran, kayaning: tujuan, siswa, bahan, guru, métodeu, modél, alat *praga*, jeung *évaluasi*. Komponén-komponén éta teu bisa gawé sorangan, tapi anu hiji jeung nu lianna pakuat-kait tur silih rojong kalawan harmonis pikeun ngahontal tujuan anu geus ditangukeun (Slameto, 2013. Kc. vi) Ku kituna komponén ieu bisa disebut sistim anu geus baku.

Guru miboga peran penting enggoning ngalaksanakeun kagiatan pangajaran di kelas. Salami ieu komponen anu dianggap pang utamana dina proses atikan nya eta komponen guru sabab guru mangrupa pang harepna dina nyangharepan siswa

salaku subjek jeung objek belajar (Sanjaya, 1013, kc 13).

Perencanaan tangtu miboga peran nu penting dipigawé ku guru pikeun prosés pangajaran, anu ngarahkeun guru jeung siswa kana tujuan pembelajaran dumasar KIKD (*Kompéténsi Inti jeung Kompéténsi Dasar*), indikator pembelajaran jeung GBPP (*Garis-Garis Besar Program Pembelajaran*) widang setudi basa Sunda nu disusun dumasar Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No.5 (Taun. 2006) Ngeunaan Ngamumulé Basa, Sastra, jeung Aksara Daérah nu netepkeun Basa Daérah, di antarana Basa Sunda, diajarkeun ti TK nepi ka SMA / SMK / MA di Jawa Barat.

Patali jeung éta hal, guru kudu bisa milih jeung nangtukeun modél nu mana anu luyu tur éféktif pikeun nepikeun bahan pangajaran. Dina hasil panalungtikan Rahman (2009, kc. 9) di kota Bandung taun 2005 di SMP-SMA geus aya 32 modél pembelajaran anu geus dianggo. jaba ti éta dina buku Johnson (2011) salasahiji modél pangajaran anu bisa dipaké ku guru pikeun nepikeun bahan pangajaran nya éta CTL (*Contextual Teaching and Learning*). CTL salasahiji modél anu bisa dijadikeun métodeuu alternatif dina nangtukeun pembelajaran anu digunakeun ku guru dina ngalakukeun tindakan pikeun ngungkulan masalah pangajaran.

Modél pembelajaran mangrupa pedoman pikeun guru jeung murid dina ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar Joyce & Weil (dina Rahman, 2009, kc. 7). Ari nurutkeun Kemp (dina Rahman, 2009, kc. 7) ngahartikeun modél pembelajaran mangrupa hiji perencanaan pembelajaran (*desain instruksional*) anu digunakeun dina nangtukeun maksud jeung tujuan unggal topik/pokok basan (*goals topics, and purposes*), nganalisis karakteristik warga belajar (*leaner charactristics*), nyusun tujuan *instructional* husus (*learning objectives*), milih isi pembelajaran (*subject content*), ngalaksanakeun pratest (*pra assesment*), ngalaksanakeun kagiatan diajar-ngajar/sumber pembelajaran (*teaching learning activities/resources*), ngarojong kana pelayanan (*suport services*), ngalaksanakeun *evaluasi (evaluation)*, jeung ngadamel *revisi*.

Modél pembelajaran CTL nya éta prosés diajar anu mantuan siswa nyangking ma'na jeung ngaitkeun bahan pembelajaran anu diajarkeun kana dunya nyata

siswa, bari ngadorong siswa matalikeun kaweruh nu di cangkingna jeung ngalarapkeun dina kahirupan sapopoé. Siswa ngajieun hubungan-hubungan penting anu ngahasilkeun ma'na kana ngalaksanakeun pembelajaran anu diatur sorangan, gawe bareng, mikir kritis, jeung kréatip, ngahargaan jalma nu lianna, nyumponan targét anu luhur, jeung boga peran dina pancén-pancén panalungtikan *auntentik* (Johnson, 2011, kc. 88).

Pedaran anu ngabahas pembelajaran *Contextual teaching and learning* dina nulis karanga kiwari geus kawilang loba boh nu mangrupa artikél, makalah boh mangrupa hasil panalungtikan. Panalungtikan nu medar perkara nulis karangan di antarana: Téhnik *Contextual Teaching and Learning* (CTL) dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi “Studi Kuasi Eksperimen Pangajaran Nulis di Kelas VII Siswa SMP Negeri 15 Bandung” (Déwi Nurliansyih, 2007).

Éta panalungtikan medar modél CTL tipe *inkuiri* anu nganalisis karangan nulis éksposisi dumasar kana langkah-langkah anu kapanggih. Saperti panalungtikan nu geus disebutkeun tadi, panalungtikan ieu ogé sarua baris medar tina kamampuh siswa anu nganggo modél CTL, nangin anu béda nya éta dina lebah tujuan anu di uji coba téh nagunakeun modél tipe *modeling*, jaba ti éta bahan ajar anu ditalungtikna ogé, kamampuh siswana anu Béda, nu ayeuna dina pembelajaran nulis karangan déskripsi anu saméméhna dina pangajaran nulis karangan ngagunakeun *eksposisi*. Kitu deui sumber data siswa boga kasangtukang anu Béda nya éta siswa anu mikasang dua basa daerah anu Béda nya éta basa Sunda jeung basa Jawa Cirebon.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan “Modél Pembelajaran *Contextual Teaching and Learning* dina Nulis Karangan Déskripsi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon Taun Ajaran 2013/2014)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan diluhur aya sababaraha masalah anu muncul di antarana langkana guru basa Sunda, siswa teu loba apal kekecapan basa Sunda, siswa teu parigel dina ngagunakeun basa Sunda, siswa kurang dina nulis karangan, siswa teu bisa ngebrehkeun ide dina basa Sunda, siswa kirang mampuh ngadamel kalimah dina basa Sunda, siswa kurang minat dina pangajaran nulis basa Sunda. Tina masalah diluhur di watesan, dipedar modél CTL tipe *modeling* dina pembelajaran nulis karangan déskripsi siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon. Aspék-aspék anu dititénan dina karangan déskripsi nya éta (1) kualitas lingkup jeung eusi, (2) organisasi jeung tampilan eusi, (3) Komposisi/struktur kalimah, (4) kohési jeung kohérénsi, (5) gaya jeung wangun basa (6) éjahan, (7) karapihan tulisan jeung kabersihan, (8) respék aféktif guru kana karya tulis.

Ku kituna ieu panalungtikan di watesan dina kagiatan nulis karangan déskripsi ka siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon dina pembelajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pembelajarn CTL tipe *modeling*.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun, saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon dina nulis karangan déskripsi saméméh ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling* ?
- b. Kumaha kamampuh nulis siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon dina nulis karangan déskripsi sabada ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling* ?
- c. Naha aya Béda anu signifikan kamampuh nulis déskripsi siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél CTL tipe *modeling* pikeun nyugsi éféktif heunteuna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun éféktif heunteu modél CTL tipe *modeling* dina ningkatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi pikeun siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon Taun Ajar 2013/2014.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeun.

- a. Kamampuh siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014 dina nulis karangan déskripsi saméméh ngagunakeun modél CTL tipe *modeling*,
- b. Kamampuh siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014 dina nulis karangan déskripsi sabada ngagunakeun modél pengajaran CTL tipe *modeling*, jeung
- c. Béda anu signifikan kamampuh nulis déskripsi saméméh jeung sabada modél pembelajaran CTL tipe *modeling* dina nulis karangan déskripsi ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban jeung neleman élmu pangaweruh hususna dina modél pembelajaran CTL anu dipaké dina nulis karangan déskripsi. Salian ti éta dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa jadi réfrénsi pikeun guru dina nepikeun bahan ajar sangkan kualiat atikan basa Sunda siswa ngaronjat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat Praktis dina ieu modél pembelajaran *Contextual teaching and learning* (CTL) pikeun.

- a. Dijadikeun alternatif dina modél pengajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun pangajaran nulis karangan déskripsi.
- b. Pikeun mantuan bangbaluh guru sangkan bisa mekarkeun kaparigelan dina nulis karangan déskripsi
- c. Ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis hususna nulis karangan déskripsi, ngalatih siswa dina mekarkeun basa jeung pangaweruh anu dipindangkeun dina wangun karangan déskripsi.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika panulisan dina ieu panalungtikan skripsi diwangun ku lima bab utama anu eusina nya éta bab 1 mangrupa bubuka nu eusina ngajelaskeun kasang tukang masalah anu baris ditalungtik, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, boh mangpaat téoritis boh mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Dina bab 2 dipedar ulikan téori, raraga mikir jeung hipotésis anu nagwengku modél pembelajaran, modél pembelajaran CTL, nulis, karangan déskripsi, eusi karangan, paragraf, raraga mikir, asumsi jeung hipotésis.

Dina bab 3 dipedar métodeu panalungtikan, eusina ngawengku lokasi panalungtikan, Sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, variabel jeung wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngolah data, cara meunteun karangan déskripsi, uji sifat data, uji hipotésis.

Dina bab 4, didéskripsikeun tina hasil panalungtikan, anu nagwengku prak-prakan panalungtikan, serta medar kaéfektifan modél CTL déskripsi tipe *modeling* dina nulis karangan déskripsi.

Dina bab 5 didéskripsikeun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan sarta saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.